

Aditya Kurnia Dewi

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (Aditya.kd90@gmail.com)

Abstrak

Novel *Suminar* mujudake novel populer. Pamilihing tetembungan, lelewaning basa lan basa pedinan kang ditrapake dening pangripta, bisa nggambarake lakuning cita *Suminar* kanthi cetha lan runtut. Mula, tinthingan kang trep kanggo njlentrehake kaendahan basa sajroning novel *Suminar* iki nggunakake teori stilistika.

Gegayutan karo andharan mau, underane panliten iki yaiku: 1) pamilih lan pangolahing tetembungan kang nuwuhake kaendahanane cita sajroning novel *Suminar*. 2) *gaya* basa utawa lelewaning basa kang digunakake pangripta anggone medharake cita sajroning novel *Suminar*. 3) *gaya* critane pangripta anggone medharake rasa pangrasa sajroning novel *Suminar*. Adhedasar saka prakara-prakara kasebut, mula ancane panliten yaiku: 1) ngandharake pamilih lan pangolahing tetembungan kang nuwuhake kaendahanane cita sajroning novel *Suminar*. 2) ngandharake *gaya* utawa lelewaning basa kang digunakake sajroning novel *Suminar* anggitane Tiwiek SA. 3) ngandharake *gaya* critane Tiwiek SA sajroning novel *Suminar*. Panliten iki diajab bisa awèh paedah lan bisa menehi sumbang sih tumrap pangrembakaning sastra Jawa, mligine ing babagan kasusastran Jawa kang awujud *fiksi*.

Teori kang digunakake panliten iki yaiku teori kabasan ing bukune Burhan Nurgiyantoro. Panliten iki kagolong panliten *kualitatif* kanthi nggunakake metode *deskriptif*. Sumber data panliten iki yaiku sawijining novel, kanthi irah-irahan *Suminar* anggitane Tiwiek SA. Data panliten iki arupa tetembungan endah, frase kang bisa nuwuhake makna laras karo cita. Tata cara ngumpulake data kang digunakake ing panliten iki yaiku *teknik* waca, cathet lan riset. Tata cara ngolah data ing panliten iki yaiku nggunakake *teknik deskriptif-analisis*.

Asiling panliten iki bisa didudut yen pamilihing tembung kang ditrapake sajroning episode, irah-irahan novel, jeneng paraga lan pamilihing basa pedinan dilarasake karo cita katresnan kang kawedhar. Semono uga lelewaning basa, kang ana lan katon sajroning novel anggitane Tiwiek SA kaperang dadi 9 jinis yaiku: (1) *Repetisi*, (2) *Pararima*, (3) *Simile*, (4) *Litotes*, (5) *Hiperbola*, (6) *Personifikasi*, (7) *Asidental*, (8) *Polisidental*, (9) *Anafora*. Saka sawenehing lelewaning basa kang ana, bisa nuduhake ciri khas Tiwiek SA anggone milah lan milih tetembungan, lan nyusun ukara supaya rinakit dadi paragraf kang endah nduweni nilai estetis sajroning teks sastra. Saliyane iku, pangripta uga nggunakake teknik campuran kang bisa ndadekake novel iki ora monoton.

Tembung wigati (kata kunci) : Raras, Ruming, Tetembungan, Katresnan

A. PURWAKA

Novel mujudake reriptan sastra, arupa *fiksi* kang asipat imajinatif. Cita kang diwedharake sajroning novel akeh-akehe ngandut prakara kang dumadi ana sajroning panguripan lan bebrayan. Salah sawijine yaiku novel *Suminar* anggitane Tiwiek SA. Tiwiek SA saka Tulungagung-Jawa Timur mujudake salah sawijining pangripta sastra Jawa modern kang isih produktif. Bab mau kabukten saka akehe karya sing wis kaserat dening Tiwiek SA. Nganti Juni taun 2008 karya sastra basa Jawa kang kapacak ana 268 karya.

Novel *Suminar* nggambarake lakuning panguripan manungsa kanthi nggunakake basa pedinan. Novel anggitane Tiwiek SA iki mujudake novel romantik kang nduweni cita katresnan. Cita kang kasusun lumantar basa-basa pedinan, bisa narik kawigatene pamaos. Saperangan basa pedinan kasebut ana kang diwenehi unsur kaendahan arupa pamilihing *leksikal*, *majas*, lan pangrekadaya struktur. Basa rinakit kang nggambarake cita katresnan kasebut bisa nuwuhake rasa gregeting ati

pamaos. Kabukten saka panliti kang minangka pamaos ahli bisa mangerteni lakoning cita lan tema kang kabentuk saka wutuhe cita.

Tetembungan tartamtu digunakake kanggo medharake cita, dipilih lan diolah supaya bisa nuwuhake nilai estetis sajroning sastra. Tetembungan kasebut bisa makili nilai kaendahan sajroning reriptan sastra. Saliyane pamilih lan pangolahe tembung kang diarani *diksi*, *gaya* basa uga rinakit sajroning wedharane cita. Babagan kasebut maujud saka anane *majas*, pangrekadaya struktur. *Gaya* cita kang digunakake dening pangripta uga menehi daya pangaribawa reriptan sastra ngenani kaendahan. Rinakiting saben cita kudu bisa laras karo isining cita.

Babagan *gaya* kasebut, kejaba bisa nguwatake endahing cita kang diandharake, uga nuwuhake nilai estetis sajroning reriptan sastra. Novel *Suminar* iki kaperang dadi selikur (21) episode. Saben-saben episode bisa nggambarake lakuning cita katresnane paraga utama. Episode-episode mau diandharake kanthi irah-irahan kang puitis banget swasanane, kawiitan *layang*

saka Surabaya nganti *rupa kapuranta ing cakrawala*, selikur episode kasebut sajroning novel mujudake gayane pangripta anggone njlentrehake cita katresnan. Mula saka kuwi panliten iki bakal mbedhah kaendahaning tembung pedinan kang wis diolah dumadi basa nduweni nilai estetis,

Stilistika mujudake peranganing ilmu basa kang sesambungan karo sastra lan ilmu sastra. Sajrone tinthingane, stilistika ngecakake prinsip-prinsip linguistik kang laras karo wataking reriptan sastra lan jagading kasusastran. Makna basaning sastra bisa sumirat, saengga panliti stilistika minangka pamaos ahli kudu nggunakake tafsiran lan *pemahaman* kanthi jero supaya mangerteni makna mau. Pamaos kudu konsentrasi supaya cetha anggone nrima isining sastra. Piwulang, pangajap lan andharan liya sajroning reriptan sastra, kawedhar lumantar basa, saengga bisa diarani yen sastra ora bisa uwal saka jagading basa.

Basaning sastra mujudake basa kang endah kanthi nduweni gaya. Saka kaendahan, pamilih lan pangolahing tembung kang rinakit, bisa medharake isining cita kanthi sampurna. Lumantar basa pamaos bisa ngrasakake rasa pangrasane paraga anggone nglakoni panguripan kang dumadi sajroning sastra.

Kaendhaning basa pancen bisa dianalisis kanthi tinthingan stilistika. Novel mujudake reriptan sastra kasusun saka maewu-ewu tembung lan ukara. Mula saka kuwi, panliten kang kaleksanan nggunakake conto-conto saka peranganing tetembungan lan ukara, kanggo ndhudhah kaendhaning basa iki. Saliyane saka basa, novel *Suminar* iki nduweni uga kawedhar nggunakake lakuning cita kanthi cara campuran. Prastawa kang diandharake ora kanthi runtut. Ing novel iki cetha banget anggone molak-malikake dalane cita.

Adhedhasar andharan mau, basa lan sastra bakal disinau lan dirasakake, supaya bisa trep kahanan olah basa lan olah rasa kang digunakake dening pangripta ing reriptane. Ana kene basa sajroning novel *Suminar* bisa nuwuhake ruh sajroning cita katresnan kang sumimpen sajrone. Panganggone basa bisa laras karo kahanan lan rasa pangrasane cita. Kabeh mau laras lan trep banget kanggo katliti kanthi panliten kang asipat *ilmiah*, kanthi ancas tartamtu.

Rerakitaning seratan iki mujudake panliten kang ndhudhah pangolahing basa kang digunakake sajrone novel *Suminar*. Panliten bakal mbuktakake basane novel apa bisa nggambarake caritane paraga kang kalimput ubahing rasa tresna. Laras orane basa karo rasa pangrasane kang tuwuh sajroning cita, uga bakal ditliti. Mula awit saka kuwi, irah-irahan kanggo panliten iki nggunakake tetembungan: “Raras Ruming Tetembungan sajroning Cita Katresnan Novel *Suminar* Reriptane

Tiwiek SA”. Kaya kang kawedhar sadurunge, panliten iku bakal nggunakake ancangan stilistika.

B. METODHE

Penliten iki mujudake panliten deskriptif. Sumber dhata panliten iki yaiku novel *Suminar* anggitane Tiwiek SA. Dene dhata kang dienggo sajrone panliten iki yaiku tetembungan, frase lan ukara kang nuwuhake *style* sajroning cita katresnan. Panliti minangka instrumen utama sajrone panliten iki.

Tata cara kang dienggo kanggo ngumpulake dhata ing panliten iki yaiku nggunakake semak. Metodhe semak digunakake kanggo nyemak panganggone basa kanthi tinulis. Tata cara ngolah dhata ing panliten iki diperang-perang dadi telu, yaiku *transkripsi* dhata, *kalisikasi* dhata, lan *penafsiran* dhata. Tata cara nulis asile panliten ing kene yaiku kanthi cara informal lan formal.

C. ANDHARAN

1. Pamilihing Tembung Diksi

Diksi mujudake pamilihing tembung kang ditemtokake dening pangripta kanthi cara kang trep kanggo nyusun lan ngronce tetembungan. Tembung kang dipilih dening pangripta digunakake kanthi trep lan ati-ati supaya reriptane bisa ngandut nilai estetis lan bisa mujudake makna.

a. Pilihan Leksikal Tumrap Irah-Irahan Ing Episode

Novel *Suminar* kawangun saka selikur episode. Episode kasebut yaiku: *layang saka Surabaya* (1), *ewuhaya ing pambudi* (2), *tamu saka Surabaya* (3), *pangakuwan blakasuta* (4), *sing kagelan* (5), *pindhah omah* (6), *sopir anyar* (7), *kang sumimpen ing telenge ati* (8), *kabar kabungahan* (9), *sing mbarung sinang* (10), *kang kinganingaya* (11), *salin babahan* (12), *tan mundur ing pitutur* (13), *ngluru kang lari* (14), *ngendhih kalungguhan* (15), *nalika praune gonjing* (16), *pitukon larang* (17), *ngundhuh wohing pakarti* (18), *golek sisik melik* (19), *ketemu sing diluru* (20), lan *rupa kapuranta ing cakrawala* (21). Irah-irahan lumrah selikur episode kasebut mujudake panggunaning basa puitis kang sesambungan karo sari patining cita saben sub bab utawa episode.

Tetembungan kang rinakit sajroning episode bisa makili adharan kang diandharake sajroning episode kasebut. Tuladhane ing episode Irah-irahan tumrap episode kapindho: *ewuhaya ing pambudi* kang tegese rasa rumangsa paraga minangka sawijining manungsa kang nduweni bebuden luhur, saengga nuwuhake patrap kang wibawani. Irah-irahan kasebut bisa laras karo andharan sajroning cita. Kabukten saka cuplikan ngisor iki:

“Suminar meneng. Sirahe tumungkul. Ana perang batin, antarane ngugemi guneme wong tuwa lan

kasetyane marang Teguh. Suminar ewuh aya ing pambudi.” (S:2:13)

Cuplikan kasebut nggambarake rasa pangrasane Suminar kang lagi bingung. Dheweke bingung kudu tumindak apa. Antaraning ngugemi janji prasetyaning marang Teguh utawa nampa lamarane Indarto pratanda dheweke ngabekti marang wong tuwa.

Pangakuwan blakasuta episode kepatat mujudake irah-irahan tumrap episode kang nduweni teges ngomong apa anane tanpa ditutup-tutupi. Basa kasebut luwih endah tinimbang ditulis apa anane. Bisa kagolong basa puitis, basa kang nduweni nilai estetis tumrap reriptan sastra. Episode iki nyritakake Suminar nalika ngomong marang Indarto yen ora nduweni rasa tresna, lan isih nduwe tresna marang Teguh. Prakara kasebut diomongne kanthi gambelang tanpa ditutup-tutupi lan diandharake kanthi blakasuta tanpa rasa sungkan. Andharan kasebut kabukten saka cuplikan ngisor iki:

“Ning kula mboten tresna dhateng panjenengan,”
“Kula purun nglampahi mergi kedah bekti dhateng Emak. Emak kepengin sanget kula enggal mentas lan saged tumut nragadi adhik,”ujare Suminar candhake. Lancar, ana kesan sumengit, nanging tanpa greget lan tanpa ekspresi. (S:4:25)

Suminar mujudake pawongan kang nggambarake sikap bocah jujur, ngabekti lan ngormati wong liya. Dheweke ngomongake panguneg-unege tanpa tedhning aling-aling supaya Indarto ora gela yen sejatine dheweke ora bisa nresnani. Blaka kanthi apa anane, jujur tanpa ana kang ditutupi mujudake sikap kang wicaksana. Episode *pangakuwan blakasuta* bisa makili andharan ngenani jujuring Suminar menyang Indarto.

b. Paradigmatik

Ukara kang ngandut *paradigmatik* luwih angel tinimbang *Sintagmatik*, amarga teks sastra kasebut bisa menehi daya pangaribawa tumrap pamaos kang menehi pamawas ngenani panguripane paraga sajroning teks, banjur digayutake marang panguripan sabendinane. Saperangan tegesing tembung sajroning ukara bisa kawawas saka sajroning teks uga bisa kawawas saka sajabanane teks.

“E,e...precaya! precaya! Neng kok aneh ya. Mosok dheweke ki cah kutha gek anake wong sugih kok pengen rabi cah ndesa? Pa ra kuwalik?”
“Ora aneh Mbah. Ngendikane Lik Indarto, cah kutha saiki akeh sing ra **beres** kok. Mula wis sebenere nek njur pengen golek bojo cah kene. Apa maneh Lik Indarto asline ya ka desa kene,”
Parno menehi keyakinan. (S:3:7)

Tembung *beres* ngandut makna maneka warna. Pamaos bakal ngerti maknane ukara yen maca kanthi jangkep, amarga tembung *beres* kasebut ora dijlentrehake kanthi mligi apa tegese *beres* kasebut. Jangkeping crita sajroning episode kasebut bisa menehi gambaran ngenani tembung kasebut. Pamaos bisa nggayutake

tembung *beres* saka sajabanane teks, yaiku digayutake karo panguripan ing masyarakat.

Piranti kanggo komunikasi ing jaman biyen arupa layang. Layang mono sadherma kertas kang ana isine tulisan. Tulisan kasebut bisa isining rasa surasa kahanan, bisa nyritakake kedadayan lan bisa uga amung kanggo nakokake kabar. Mula saka kuwi, kertas kang digunakake kanggo layang kasebut mesthi akeh. Sajroning crita novel *Suminar* iki ana frase kang unine *sedheng layang sasuwek*.

Tembung kasebut mujudake simbolik kang uga bisa diarani ukara ngandut *paradigmatik*. Mula, tegesing frase kasebut bisa kawawas saka andharan sabanjure. Cuplikan ing ngisor iki mujudake bukti saka anane *paradigmatik* sajroning frase kasebut.

SUMINAR bingung! Umpama arep ngenteni Teguh terus, mangka Teguh dhewe ora ana trubusane. Tilik, tilika. **Sedheng layang sasuwek** bae durung nate kirim. Kebangeten, Mas Teguh! Apa Suminar luput saupama kepeksa nampani panglamare wong liya? Umpama diarani khianat utawa blenja ing janji, mesthine sing blenja genah Teguh. Dudu Suminar. (S:14:1)

Tembung *layang sasuwek* mujudake simbolik *paradigmatik*. Tegese ora mungkin yen ngirim layang iku mung sasuwek. Tembung *sasuwek* mujudake simbolik saka ungunane Suminar amarga Teguh ora tau ngirimake layang. Frase kasebut bisa makili rasa-pangrasaning Suminar kang lagi anyel, lagi cuwa marang Teguh, priya kang ditresnani.

2. Lelewaning Basa

a. Repetisi

Repetisi mujudake salah sawijining lelewaning basa kang mawa surasa mbangetake, kawangun kanthi mbaleni perangan tembung, frase, lan, klausa, padha sajroning ukara. Tembung dibolan-baleni panulisane, supaya luwih cetha daya surasane sajroning ukara.

“Dondomane diguwang sebrung. **Mlayu** mrana, **mlayu** mrene, nanging ora karuwan apa sing ditandangi.” (S:23:3)

Maklum, **kabeh-kabeh** padha kepengin weruh anake Sudarman saiki sepira. (S:23:4)

Kabukten omahe ing Surabaya apik lan gedhe njenggorong. **Ngingu** mobil lan **ngingu** sopir. (S:29:2)

Pestane wong sugih ya **pestane** wong kecukupan. **Sarwa** semuwa, **sarwa** gumebyar.

Cuplikan mau mujudake ukara kang kawangun kanthi nggunakake *repetisi*. Panulisane tembung *mlayu* dibaleni ing sawijining ukara, mula bisa diarani *repetisi*. Tembung kasebut nduweni karep mbangetake rasa bingung Yu Parti nalika didayohi dening Indarto. Dheweke mluya-mlayu tanpa karep. Tembung *mlayu* bisa

kanggo mbangetake apa kang sejatine arep diandharake. ora mungkin yen Yu Parti nalika ana tamu, dheweke malah playon neng njero omah dhewe.

b. Pararima

Lelewaning basa *pararima* mujudake gaya kang maujud kanthi mbaleni perangan tembung konsonan ngarep lan pungkasan sajroning frase. Jinis tetembungan iki bisa diarani purwakanthi guru lagu. Pangripta uga nggunakake *pararima* kanggo mbangetake maksud lan nuwuhake kaendahan ukara.

“Pilihanmu jan pener tenan, Mbokmu!”

Mbok Kadinah **ploga-plongo** awit durung mudheng sing dikarepake sing lanang. (S:20:13)

Suminar dhewe senajan rada **minggrang-minggring** ora mingset. (S:27:2)

Pirang-pirang taun ngganggu **lontang-lantung**, wusana entuk gaweyan melu pemborong asal Surabaya kang kapinujon ngarep kreteg Kademangan lawas. (S:28:3)

Mbok Rah **clilang-cliling** lucu. Nuli ethok-ethok mikir. (S:40:7)

Gaya *pararima* sajroning novel *Suminar* cacahé akeh banget. Ing kene mung dijupuk saperangan conto kanggo mbuktekake yèn Tiwiek SA uga nuwuhake kaendahan tembung lumantar *pararima*. Tembung *plonga-plongo*, *minggrang-minggring*, *lontang-lantung*, *monat-manut*, *clilang-cling*, *cekat-ceket* lan *gendhulak-gendhulik* mujudake tetembungan *pararima* kang digunakake kanggo mbangetake tindakane paraga ing sajroning ukara.

c. Simile

Simile mujudake lelewaning tembung pambanding kang medharake rasa pangrasa kanthi cara ora langsung. Ukara kasebut wujud saka ukara kang kawuwuhan tembung pangiket *kaya*. Lelewaning basa jinis iki yen dirasakake tegese saemper karo lelewaning basa *perumpamaan*

Pangripta nggunakake majas jinis *Simile* nduweni karep supaya bisa mbandhinga ke wedharan kapisan karo wedharan kapindho. Saliyane iku, *simile* uga bisa nuwuhake kaendahan sajroning ukara lan luwih nggampangake pamaos anggane mangerteni maknane ukara. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake wujud lelewaning basa *simile* sajroning novel *Suminar*.

Nyawang nom-noman ing ngarepe **kaya** nebak-bebak. (S:18:7)

dak kira bisa dirabuk karo mlaku. **Kaya** wong-wong jaman mbiyen, omah-omah dhasare dudu katresnan nanging kasetyan. (S:27:1)

Aja mbegu **kaya** patung ngono! Ndi kene kontake!(S:67:3)

Indarto sing gedhe dhuwur sajak waringuten. Tandhange **kaya** bantheng ketaton. (S:109:4)

Sakabehing cuplikan ing ndhuwur tembung kang ngandut *simile* mujudake sarana kanggo nguwatake andharan sadurunge tembung kasebut. *Aja mbegu kaya patung* mujudake tembung *simile* kang nduweni teges, Teguh dibandhingake karo patung yen panggah mbegu ora gelem ngomong marang Indarto. Bisa diarani yen tembung *simile* tembung kang padha tegese. Teguh dipadhakake karo patung yen dheweke mbegu. Semono uga cuplikan sateruse uga nduweni makna kang padha.

d. Litotes

Litotes mujudake lelewaning basa pambandhing kang ukarane mawa surasa asore dhiri kanthi cara luwih nyilikake makna asline. Sejatine lelewaning basa pambandhing jinis iki kagolong ngasorake kualitas sawijining fakta. Panganggone *litotes* iki nduweni karep supaya nuwuhake kaendahan sajroning ukara saka tata carane anggone medharake.

“E, **elek-elek ngene** aku sing momong kowe mbiyen.” Ujare Mbok Jebrak. (S:19:9)

“Iya nyatane, wong mangsakane **bocah desa!** Mesthine ora nocogi selerane priyayi kutha!” (S:42:4)

“Ah, Yu. **Elek-elek aku** rak ya duwe wong tuwa. Mesthi bae aku bali menyang ndesa. (S:73:6)

“Pancen ambane lemah sing dituku mung **sailat** lan wangunan omahe uga **prasaja** banget..” (S:143:2)

Tetembungan kasebut mujudake tembung *litotes*, tembung kang nduweni teges ngasorake dhiri ing ngatasane kasunyatan. Tembung *elek-elek ngene* bisa dingerteni yen rupane sing ngomong tembung kasebut elek banget. Sejatine dudu makna satemene, amung kanggo ngasorake dhiri ing ngarepe wong liya. Semono uga cuplikan liyane uga nduweni makna kang padha.

“Nek aku manggon neng kene njur sapa sing ngurusi ngomah. Ora ketang **omah bobrok lan lemah sailat**, wong tinggalane jenat. Rak kudu diuri-uri. Suk ae nek Minto wis tamat sekolahe es-de ben nerusne neng kene,” wangsulane Yu Parti. Indarto ora bisa nggondheli. Lan esuk kuwi uga banjur kepeksa ngeterake tekan terminl Jaya Baya. (S:42:1)

Tembung *omah bobrok lan lemah sailat* uga dudu makna satemene. Ing kasunyatan ora ana anane omah bobrok lan lemah sailat bisa dienggeni kanggo urip. Tembung kasebut uga kanggo ngasorake dhiri. Semono uga karo tembung *bocah desa*, *elek-elek aku lan prasaja* mujudake tetembungan *litotes*. Panganggone lelewaning basa jinis iki mujudake sarana kanggo nuwuhake kaendahan sajroning reriptan sastra.

“Nek aku manggon neng kene njur sapa sing ngurusi ngomah. Ora ketang **omah bobrok lan lemah sailat**, wong tinggalane jenat. Rak kudu diuri-uri. Suk ae nek Minto wis tamat sekolahe es-de ben nerusne neng kene,” wangsulane Yu Parti. Indarto ora bisa nggondheli. Lan esuk kuwi uga

banjur kepeksa ngeterake tekan terminl Jaya Baya. (S:42:1)

Tembung *omah bobrok lan lemah sailat* uga dudu makna satemene. Ing kasunyatan ora ana anane omah bobrok lan lemah sailat bisa dienggeni kanggo urip. Tembung kasebut nggambarake kayane Yu Parti. Ing novel *Suminar* iki Yu Parti digambarake dadi wong randha kang nduwini anak loro, jenenge Suminar lan Minto. Minto isih sekolah es-de. Sakabehaning kabutuhan sabendina mung sadermo cukup ora bisa linuwih. Mula saka kuwi, kanggo tuku pirantine omah sing apik ora kuwat. Mung omah warisan saka bojone wae sing diuri-uri. Mula tembung lemah sailat kasebut ngibaratake yen omahe Yu Parti kasebut cilik banget lan prasaja kahanane.

Tembung kasebut uga kanggo ngasorake dhiri. Semono uga karo tembung *bocah desa, elek-elek aku lan prasaja* mujudake tetembungan *litotes*. Panganggone lelewaning basa jinis iki mujudake sarana kanggo nuwuhake kaendahan sajroning reriptan sastra.

Karo bali menyang ngomah, Mbok Kadinah grenengan,” Gek laying apa iki. Nganeh-enehi tenan. Sajega ra tau layang-layangan kok, muni ngono karo ngiling-ilingi layang amplopan kuwi. Mesthi bae ora bias maca alamat lan pangirime, jene dheweke ki **wuta sastra!** (S:2:1)

Tembung *wuta sastra* kasebut luwih nduweni makna kang luwih alus tinimbang diandharake kanthi blaka, yaiku Mbok Kadinah ora bias maca babar pisan. *Wuta sastra* kasebut luwih ngindahake cuplikan kasebut, amarga nggunakake jinis tembung *konotasi*. Semono uga cuplikan ing ngisor iki uga nggunakake saperangan tembung kang ngandut *litotes*.

Wektu kuwi Yu Parti uga jumurung. Mung bae nalika didheseg supaya enggal-enggal diresmekake, Teguh semaya. Aweh kasaguhan Manawa wis entuk pegaweyan. Pancen nalika semana Teguh during nduwe penggaweyan gumathok. Banjur pamit lunga menyang Surabaya, sengadi **luru pagaweyan** sing imbang karo ijazahe. (S:13:1)

Tembung *luru pagaweyan* kasebut ngasorake jati dhirine Teguh. Penggaweyan iku ora bias diluru, bisane digoleki. Mula saka iku tembung *luru* kasebut mujudake lelewaning basa mligine ing *litotes*. Surasa kang dituwuhake sajroning ukara luwih katon bias dirasakake.

Tembung *mandak* ing cuplikan sabanjure uga *litotes*. Ngasorake ajining dhiri. Ing kono Suminar cecaturan karo Mbokne yen dheweke iku ora ayu. Amarga yen dheweke muni ayu iku bisa diarani kendel omonge. Bakal nguja-nguja awake dhewe. Mula saka kuwi pangripta nggunakake tembung *mandak* sajroning ukara kasebut supaya bisa ngasorake Suminar ing ngarepe Yu Parti minangka Ibune. Andharan kasebut bisa kabukten saka cuplikan ngisor iki:

Foto? Ana Mak. Foto turahan dhek ujian kae. Nggo apa?

Nak Indarto kepengin weruh rupamu. Kareben weruh yen kowe ki ayu.

Ah, Emak. Mandak **kaya ngene ae lho**, kok jare ayu. (S:16:1)

Paraga Indarto ing kene digambarake minangka pawongan kang nduweni sipat wicaksana, becik lan nduweni budi luhur. Ing cuplikan ngisor iki digambarake yen Indarto kasebut andap asor marang liyang. Tembung *jane nggih enten mobil* kasebut bisa nggambarake ngenani sipat becike Indarto. Pawongan sugih kang ora demen pamer kayane dhewe. Kabukten saka cuplikan ngisor iki:

“King Surabaya mawi bis, Mbokdhe. Mandhap terminal lajeng ngantos bis malih sing jurusan Tulungagung. Mandhap kidul kreteg Kademangan ngrika lajeng pados becak. **Jane nggih enten mobil**. Ning kula sungkan. Mindhak diwastani pamer. Sakeca ngebis mawon, mboten nanggung resiko.” (S:19:7)

Lelewaning basa *litotes* luwih surasa asor tinimbang diandharake kanthi basa biasa. Ing tembung *lemah sailat* yen diganti nggunakake tembung *limang ru* bakal ora nuwuhake rasa asor. Tuladhane ing ukara *pancen ambane lemah sing dituku mung limang ru*, surasane biasa wae tanpa ana rasa asor. Mula saka kuwi, *litotes* bisa nuwuhake nilai estetis sajroning crita.

e. Hiperbola

Hiperbola mujudake lelewaning basa pambandhing kang nambahi swasana kanthi cara ngluwih-ngluwihake makna kang satemene. Lelewaning basa jinis iki dikarepake bisa menehi rasa linuwih lan bisa nambah rasa sing dikarepake kanthi cetha.

“Bali saka omahe Mbok Kadinah, atine Yu Parti mbedhodhok **sagunung anakan**. Marem lan ayem.” (S:16:6)

“Ora kliru pilihane Mbokdhe Kadinah. Ora ngira lho, neng bumi kelahiran kene aku bisa **nemu mutiara**. Eh yen ngono sawayah-wayah wong tuwaku bakal teka mrengse seperlu nglamar kanthi resmi.” (S:27:3)

“Prasasat **kasamber bledheg**. Ora ngira olehe guyon karo Teguh neng njero mobil cedhak lampu merah sing pancen rada keladhuk-winginane jebul konangan karo wong jail!” (S:71:3)

Tembung *segunung anakan* mujudake tetembungan kang kagolong *hiperbola*. Ing kene pangripta nggunakake tembung kasebut supaya pamaos bisa mastani yen paraga Parti lagi seneng, marem lan ayem. Rasa pangrasane bisa luwih saka seneng. Rasa seneng kasebut digambarake saka atine malih *gedhi sagunung anakan*. Ing kasunyatan, bakal ora tinemu nalar yen atine manungsa gedhene bisa saemper karo gunung anakan. Mula saka kuwi, ukara kasebut ngandut lelewaning basa *hiperbola*.

Mutiara ateges permata kang nduweni kaendahan lan nilai jual tinggi. Barang kang pengen diduweni saakehing wong. Tembung *mutiara* uga ngluwih-ngluwihake utawa mbangetake makna ngenani Suminar. Pangripta nggambarake Suminar mujudake manungsa sing ayu banget, wibawa lan bebudene apik banget. Bisa diarani bocah wadon saka desa kang sampurna. Tembung *mutiara* kasebut bisa makili sipat-sipat becike Suminar. Panganggone *hiperbola* iki supaya ngluwih-luwihake makna kasebut.

f. Personifikasi

Lelewaning basa jinis *personifikasi* medharake samubarang kang mati digayutake karo sesipating manungsa. Samubarang mati kasebut digawe kaya dene manungsa, samubarang bisa tumindak lan nduweni pamikir.

“Umur-umrane barakan. Najan mung salirikan, nanging kuwawa agawe geter-peter. Malah jagad iki rumangsane Suminar malih **gonjing!**” (S:46:2)

“Mripate merem. **Batine perang** rame. Rahayune pikire kang wening isih bisa mulur.” Banjur gawe pepunthon. (S:50:9)

“Bengi kuwi priyayi sakloron sasat ora bisa sare. **Lelakon sing namani Indarto lan Suminar iku tansah jejogedan** ing pangangen-angen.” (S:87:1)

Bumi bisa wae gonjing nalika ana lindu, lan iku disebabake saka faktor alam. Ing cuplikan kapisan pangripta nggunakake tembung *gonjing* mujudake wedharan saka tembung *geter peter*. Rasa pangrasane Suminar nalika nyawang Teguh, rasa kasebut bisa ndadekake jagade kaya-kaya gonjing. Ing kasunyatan bakal ora dumadi gonjinge jagad dijalarake saka rasa pangrasane manungsa, mula ing kene pangripta nyoba mbandhingake antarane rasa pangrasane Suminar kang bisa nggonjinge saisine jagad karo alam ing kasunyatan.

“KRUNGU swara **klakson jerit-jerit** Parjan gegancangan mengarep. Abdi ikukober ngedumel,” kakrokane! Yono ki nglakson kok ngganter ae! Padhakne wis budheg ngono pa!” (S:69:1)

Tembung *swara klakson jerat-jerit*. Sejatine sing bisa nindakake tumindak njerit iku amung manungsa. Klakson mujudake samubarang kang mati, bisa muni amarga ana setrume. Ing ukara iki klakson kasebut dibandhingake karo tumindake manungsa sing bisa jerat-jerit. Samubarang kang mati digawe kaya-kaya bisa urip laras dening manungsa.

“Mangkono antara liya surate Suminar. Surat kasebut sawise ditampa, dene Yu Parti gage dikirmake marang Pak Sudarman ing Surabaya. Ing pangangkah bisa dilacak Pak Darman uga ora katalompen. Sauntara iku raos kapang marang

Suminar sansaya **njiwiti ati**. Luwih-luwih yen ngemuti Suminar lagi ngandheg.”

(S:120:2)

Ati mono panggone ana ing njero awak, mula ora bisa dirogoh dening tangan utawa samubarang liyane. Ing tembung *njiwiti ati* kasebut mujudake teges kang diluwih-luwihake saka makna kasunyatan. Pangangen-angen mono wujud ora katon, mung ana ing alam pikire manungsa. Panganggone tembung *njiwiti ati* kasebut nduweni karep, supaya pamaos mangerteni yen kahanane Pak Sudarman ora tenang. Anggone mikirake Suminar nganti kedawa-dawa.

g. Anafora

Anafora yaiku jinis pangrekadaya struktur kanthi mbaleni perangan tembung kang mapan ing sangarepe ukara. Pangrekadaya struktur jinis iki nduweni karep kanggo negesake apa kang pengen diandharake dening pangripta sajroning reriptane. Saliyane iku uga bisa kanggo nambahi lan nuwuhake *efek* kaindahaning karya supaya surasa kang tuwuh bisa nggambarake sawijining perkara kang dumadi terus lumaku kanthi runtut.

Ndulu emake kembang-kembang eluh, Suminar ngrasa **getun.Getun** dene wis keladuk guneman kasar. **Getun** dene wis mancahi rembuge emake. Nanging Suminar pancen ora rila yen Teguh – priya sing ditresnani lan nresnani- kuwi dicecamah.” (S: 10: 11)

Pangripta nggunakake tembung *getun* kanggo mujudake gambaran ngenani rasa pangrasane Suminar nalika guneman kasar marang emake. Sasuwene iki dheweke ora tau wani marang emake, apa maneh guneman kasar. Mula saka kuwi, nalika dheweke wis nggawe lara atine emake, pangripta nggambarake rasa getun kang luwih saka getun. Tembung kasebut mujudake fungsi pambanget saka andharan kang ngandharake sipat bektine Suminar marang wong tuwane. Tembung *getun* kasebut dibolan-baleni ing ukara sabanjure, supaya pamaos bisa ngrasakake apa sing dirasa dening Suminar. Rasa getune kasebut panggah dirasakake dening Suminar sanalika iku.

“Wong telu mapan lungguh. Jaragan wong ora nduwe, palungguhane ya prasaja banget. Trima kursi kayu atos! Ewadene Indarto ora gela kok. Dheweke ya sajak mat lungguhe. Ning sejatine atine **goreh. Gorehing** ati jalaran kenya sing diangen-angen ara enggal mencungul. Mula mripate pijer nglirik lawang kamar wae.” (S:23:7)

Rasa ora tentrem atine Indarto ditegesake ing ukara sabanjure tembung *goreh*. Digambarake yen dheweke kuciwa ndeleng kahanan amarga Suminar kang dienten-enteni ora age-age metu saka kamar. Kenya ayu kasebut kaya-kaya ora mangerteni rasa gumregahe atining Indarto. Pamedhare rasa gorehe Indarto menyang sang pindha Ratih nggunakake ukara dawa kanthi

tembung pangiket, supaya pamaos bisa nggambarake kahanan kasebut.

“O, hiya. Gage neng uleman kae ora disebutake. Cah ngendi lan putrane sapa Kangmas? Ah, umpama isih ana adhine, aku gelem lho ngepek mantu!”

“Hi, hik! Manten wadon kae mono bocah desa esa-es a. Ka **desa** Rejombangun bawah Blitar kana. Tunggall **desa** karo ibune Indar Gek anak warandha pisan. Randha tur mlarat!”

“Ha?! Mbok aja guyon Kangmas!” tamu kasebut njomblak. Pak Darman gumujeng amba. (S: 34: 2)

Suminar mujudake prawan ayu saka desa Raja Mbangun. Pangripta uga nguatake andharan kang nuduhake asalé Suminar kanthi tembung *desa* kang dibolan-baleni ing ukara sabanjure. Reroncening ukara kasebut nduweni karep supaya nuwuhake makna yen Suminar kasebut asli saka desa tenan, tanpa ana turune kutha. Bisa diarani yen dheweke mangerteni kutha sawise kenal Indarto. Ora bisa disalahake yen solah bawane Suminar kasebut ndesani, beda banget karo solah bawane wong kutha.

“Sore iku Indarto katon seneng banget. Nandangi pagaweyane sinambi rengeng-rengeng. Nanging kala-kala dadak nglamun, **mbayangake** anggone bakal duwe anak. **Mbayangake** manawa ora suwe maneh bakal diundang bapak. Ah, saiba senenge! Bali saka kantor dipapag dening bojo sing ayu lan setya, sarta anak sing sehat, lucu lan nggantheng! Lho, nanging anake mbesuk lanang apa wadon ya? Ah, muga-muga mbarepku iki lair lanang!” (S: 61: 6)

Lagi udreg mangkono, kupinge krungu swara panguwuhe kernet bis, “**Sala....!** **Sala** segera berangkat! Mangga Mbak, tindak **Sala?**” panarine si kernet bis karo mrepegi. Tanpa pamikir dawa, Suminar manggut lan manut bae nalika dituntun karo si kernet ngunggahi bis. (S:136:3)

Tembung *Sala* kasebut diambali kaping telu sajroning paragraf. Mula saka kuwi diarani lelewaning basa jinis anafora. Saliyane iku, tembung *Sala* kasebut nguatake andharan yen bis kasebut tujuwane kutha *Sala*.

Semono uga tembung *kumpulan karawitan PKK* sajroning cuplikan ing ngisor iki. Tembung kasebut nguatake andharan ngenani kegiyatane Suminar saben malem Setu lan malem Rebo latihan karawitan. Dheweke minangka sindhen kang nduweni swara awig laras karo wilangan. Tembung repetisi kasebut bisa kabukten saka cuplikan ngisor iki

Latihane pendhak malem Setu lan malem Rebo. Manggone neng daleme Pak Lurah. Anggone mepeng latihan awit arep dilomba. Mungsuhe **kumpulan karawitan PKK** saka kacamatan-kacamatan sa Kabupaten Blitar. **Kumpulan karawitan PKK** saka desa Rejowinangun kuwi makili kacamatan Kademangan. Pancen padha-

padha **kumpulan karawitan PKK, kumpulan karawitan PKK** desa Rejowinangun kalebu manjila tumrap kacamatan Kademangan. (S:7:4)

Nak Indarto jan pinter milih **garwa**. **Garwane** kae jan tanpa cacat lho, Kangmas,” aloke saweneh tamu katujokake marang Pak Darman. (S:33:1)

Minar....anu ta. **Suminar** anake Parti kulon kono? Hm....aku manthuk. Ning piye apa cahe gelem? (S:4:6)

Tembung *Minar* kang diambali kaping pindho kasebut nduweni maksud negesake saka omongane Mbok Kadinah. Pak Jayus ngomong maneh apa sing diomongake Mbok Kadinah. Sejatine Pak Jayus ngono wis ngerti yen Minar kasebut Suminar anake waranda mlarat jenenge Yu Parti. Dadi bisa diwastani yen pangambaling tembung *Minar* kasebut mujudake paneges saka cecaturan Mbok Kadinah lan Pak Jayus.

4.5 Gaya Critane Tiwiek SA

Reriptan sastra, kalebu prosa mbutuhake tetembungan lan ukara kang rinakit kanthi endah, supaya bisa nuwuhake efek *estetis* lan bisa nuwuhake kaendahan sajroning reriptan. Lelewaning lelakon utawa alur uga menehi daya pangaribawa kang kuwat tumrap kaendahaning sastra. Tiwiek SA mujudake salah sawijining pangripta kang gamben anggone nata lan nyusun perangan-perangan crita kanthi runtut. Nurgiyantoro (2005:149) ngandharake yen alur yaiku kedadeyan-kedadeyan sing didhapuk sajrone crita sing asipat sedherhana.

Reruntutane perangan crita, pangripta nduweni karep supaya bisa kasil anggone medharake crita marang pamaos. Novel *Suminar* kawedhar kanthi cara campuran, campuran gerak balik (backtracking). Tegese campuran yaiku reruntutane crita disusun kanthi cara diwolak-walik, saka kedadeyan kang disandang dening paraga ing wiwitan diandharake ing wiwitan crita. Lelakon sabanjure uga disusun sawise perangan crita kang wiwitan, sawise lelakon kasebut pangripta ngandharake lelakon ing wektu kepungkur diandharake sawise crita kapindho.

Kanggo nggampangake analisis alur, novel *Suminar* diperang maneka perangan, adhedhasar tahapan alur sing sakabehe nuduhake pamedane wektu. Saben perangan kaperang dadi maneka kedadeyan. Adhedhasar pamawase Nurgiyantoro, alur *Suminar* kaya ngisor iki:

Ing wiwitan crita novel *Suminar* nggambarake ngenani Indarto kang ngirim layang menyang Mbok Kadinah ing Rejowinangun. Isi surat kasebut ngenani panjaluke Indarto njaluk digolekake calon bojo saka desa. Amarga miturut pamawase Indarto, bocah wadon kutha iku wis ora beres. Tegese ora nduwe tata krama lan solah bawane ora kaya kodrate wong wadon umume.

Ing perangan wiwitan crita novel *Suminar* diandharake kanthi cara alur maju. Ing kene diandharake

nalika Indarto kirim surat nganti pethuke Indarto lan Suminar ing omahe Yu Parti. Andharan kasebut bisa dibuktekake saka cuplikan ngisor iki:

LAYANG SAKA SURABAYA

MBOK KADINAH kaget nalika lagi tapen, ujug-ujug krungu swara pengundang jenenge. Tapahe gage diselehake, banjur nyawang menyang prenahe swara.

“Oh, Pak Bayan. Enten napa Pak kok sajak wigatos?” pitakone Mbok Kadinah karo nyaket. Klambi kebayak klawus sing benike mbledheh gage dibenakake.

“Eh, gene wonge ya neng kene. Kok diceluki ketak-ketek ra semaur! Anu, iki lho kowe entuk layang ka Surabaya. Ka sapa iki....anu, Indarto. Gek omahe Surabaya!” (S:1:1)

Novel *Suminar* iki perangan alur kang wiwitan saka Indarto kirim layang marang Mbok Kadinah ing Rejowinangun, nganti clathune Suminar marang ibune. Diandharake kanthi maju. Panggambaraning Suminar marang Teguh diandharake kanthi cara mundhur, amarga ing kono digambarake liwat pangeling-eling Suminar nalika isih SMA. Ing kono pangripta medharake pethuke Suminar lan Teguh nalika SMA. Pamedhare ngenani kedadean iku, digambarake kanthi cara mundhur. Kabukten saka cuplikan ngisor iki:

Suminar meneng. Sirahe tumungkul. Ana perang batin, antarani ngugemi guneme wong tuwa lan kasetyane marang Teguh. Suminar ewuh ing pambudi. Pancen yen dipikir, Teguh dhewe wis mblenjani janji. Biyen, dhek rong taun kepungkur pamite mung nem sasi. Pokoke wis oleh gaweyan jare enggal bali njur ningkahan. Nanging dienteni nganti rong taun, eh...jebul layang sasuwek bae durung nate kirim. Nyut, Suminar kelingan saat-saat manis kalane pacaran karo Teguh. Teguh mono bocah Plasa, tangga desa karo Suminar. Padha-padha sekolah neng Blitar. Teguh neng SMA Pemda, Suminar neng SMAN I. Nalika Suminar mlebu, Teguh wis kelas telu. (S:9:5)

Crita sajroning novel *Suminar* kawiwitan yaiku, lelakoning Indarto nalika ngirimake layang saka Surabaya menyang desa Rajawinangun, kanggo kaluwargane Pak Jayus. Isining surat kasebut ngandharake panjaluke Indarto supaya digolekake bojo saka desa, kang isih jangkep bebudine. Mula saka kuwi, Pak Jayus lan Mbokde Kadinah sing wis disambati milah lan milih bocah wadon kang isih prawan ing desa kono. Wusana kenya ayu aran Suminar kang dadi punjering pamikir. Perangan kasebut mujudake terusane saka perangan kang wiwitan yaiku clathune Suminar marang ibune. Ing kono dheweke pegel amarga kinasih Teguh diomongake elek. Kabukten saka cuplikan ngisor iki:

Yu Parti kaget. Ora ngira seprana-seprene tansah mbagung miturut kuwi jebul wani mbanchi. Sakala polatane mbrabak abang, sing banjur

kasusul kumembenge eluh ing mripate sing wiwit cowong.

Ndulu emake kembang-kembang eluh, Suminar ngrasa getun. Getun dene wis keladuk guneman kasar. Getun dene wis mancahi rembuge emake. Nanging Suminar pancen ora rila yen Teguh – priya sing ditresnani lan nresnani- kuwi dicecamah.” (S: 10: 11)

Sabanjure, muculake kedadeyan-kedadeyan sing wis kedadeyan sadurunge. Kedadeyan sing dimunculake yaiku pethuke Teguh lan Suminar nalika isih SMA nganti janji prasetya, Teguh lunga menyang Surabaya. Kahanan kasebut diandharake mundhur kanthi gambarane pangeling-eling Suminar. Tahapan iki ana sajroning novel *Suminar* bagiyane kasebut minangka tahap awal carita *Suminar*. Banjur carita ngrembaka menyang tahap pradondi yaiku Suminar gelem nampa lamarane Indarto lan nikahan ing Surabaya. Nikahan iku dumadi amarga si Teguh kinasih Suminar ora bisa menehi kabar sing pasti ngenani hubungan katresnane. Mula saka kuwi, Suminar manut karo panjaluke Yu Parti. Nikahane Suminar lan Indarto digambarake kanthi cara maju. Kabukten saka cuplikan ngisor iki:

PISTANE wong sugih, pistane wong keturahan bandha. Mula ora nggumunake manawa sarwa gumebyar, sarwa sumuwa. Apa maneh sasuwene iki durung nate duwe gawe. Kathik duwe gawe sepisan mantu anak pambarep ya anak wuragil. Jer Indarto mono ora nduwe tunggal. Dheweke anak ontang-anting. (S:1:28)

Bale wisma kang diwangun sasuwene iki nuwuhake kabagyan, rasa tentrem lan ayem. Kabeh ngono laras karo balewisma kang diwangun kanthi landhesan tresna. Bale wisma wis mlaku wetara setaun. Sajoge Suminar kursus Basa Inggris, Indarto ngigu sopir sing jenenge Yono. Jalaran Yono dadi sopir ing omahe Indarto, bisa nuwuhake konflik kang sepisan. Konflik kasebut nalika Suminar lan Yono keladhuk swasana, kahanan kasebut dimanfaatkan karo Siska. Dheweke motret kedadeyan kasebut.

Konflik kang dumadi sajroning kaluwargane Indarto, mujudake fitnahan saka Siska, paraga wanita kang nresnani Indarto. Konflik kang rinakit saka tetembungan banjur dadi ukara pinilih, nuwuhake gambaran kaya-kaya konflik kasebut gedhe banget. Swasana lan rasa pangrasane para paraga nalika ngrasakake lelakon kasebut bisa dirasakake tenan dening pamaos.

Amanat kang sumirat lumantar konflik kasebut uga akeh banget. Pangripta menehi piwulang lan pitutur luhur tumrap manungsa, mligine wanita, supaya bisa kuwat lan bisa njaga ajining dhiri. Pacoban urip ing sajrone bebrayan mesthi nduweni dalan kanggo mungkasi konflik. Mula saka kuwi, pangripta menehi piwulang supaya ora gampang pasrah nalika nampa pacoban saka

Gusti kang Maha Agung. Andharan konflik kang diandharake dening pangripta iki bisa dideleng saka cuplikan ngisor iki:

Mas, najan wis ana bukti awujud poto, aja dikira aku wis tumindak sedheng. Aja dikira wis kendha tapihku. Ragaku sawutuhe isih kagungane Mas Indarto. Durung nate lan ora bakal kejamah priya liya. Najan raket karo Wiyono, nanging isih ing wates-wates tinamtu. Aja dikira aku wis nglangkah adoh. (S:71:8)

Ngenteni lilihe Mas Indarto? Ah, aku sing wegah Yu. Aku wis ditundhung. Aku suthik ngemis-ngemis kawelasane!

Leres Bu! Najan tiyang alit, kedah kagungan harga diri. Semunipun bapak boten kersa ngajeni ibu melih. Malah nik wau saderenge tindak taksih kober ndakwa, bilih ingkang dipunkandhut ibu niku sanes turase Pak Indar!...(S:73:7)

Cuplikan crita mau bisa mbuktekake amanat kang diandharake dening Tiwiek SA sajroning konflik kang disandhang paraga Indarto lan Suminar. Saka polah tingkah lan solah bawane Indarto, dheweke nrima paukuman ing kunjara, jalaran mateni wong lanang kanca tindak sedhenge Siska. Lakuning crita kang kasusun kanthi runtut lan cetha kaya mangkono bisa nggugah gregete pamaos, bisa nuwuhake rasa mangkel marang tumindake Siska lan Indarto. Rasa pangrasa kaya mangkono, dikarepake dening kabeh pangripta, anggone medharake crita nuwuhake kasil.

Anane potret iku balewismane Indarto lan Suminar keterak prahara. Sebab saka prakara kasebut, ndadekake swasana bale wismane Indarto Suminar pecah. Suminar lunga saka omahe amarga ditundung karo indarto. Kedadeyan kasebut mujudake akibate nrima sopir kang jenenge Yono, amarga yono iku Teguh priya kang ditresnani karo Suminar kang diandharake ing tahapan awal.

Sesambungan karo Suminar sing lunga, Indarto banjur ngrabi Siska. Ing kono bale wismane ora tau tentrem. Amarga Siska amung njaluk dhuwit lan ora gelem mbangun nurut dening Indarto. Saka polah tingkahe Siska ndadekake balewismane asring padu. Banjur, nganti crita kang nggambarake Indarto ngenteni tumindak sedhenge Siska, kang ngakibateke crita kasebut ing tahapan klimaks yaiku Indarto mateni Boy.

Lumantar kedadeyan iku, akibate Indarto mlebu kunjara suwene 6 taun, crita kasebut klebu ing tahap pungkasan. Dheweke sadhar lan njaluk sepura marang wong tuwane, amarga sawise dheweke rabi Siska, Indarto wani mbancahi wong tuwane. Asiling saka tumindake Indarto kang mateni wong banjur mlebu kunjara, ngakibatake dheweke nggetuni saka polah tingkahe ing tahap. Digambarake nalika Indarto ngeling-eling kedadeyan telung taun kepungkur. Pangeling-eling Indarto kasebut digambarake kanthi cara mundur.

Indarto metu saka kunjara lan dheweke nglakoni janji kang wis dipocapake marang wong tuwane mujudake crita sabanjure. Indarto ngluru Suminar menyang Solo lumantar Ki Anom. Saka pethuking Indarto lan Ki Anom, dheweke bisa kepethuk karo Suminar. Pethuking Suminar lan Indarto kasebut digambarake kanthi cara maju ing tahapan pungkasan.

Akibate saka pethuke Indarto lan Suminar, Suminar malih kelingan rekasane dheweke anggone wiwit tekan kutha Solo ing taun kepungkur. Crita kasebut klebu ing tahap pungkasan kang diandharake kanthi cara mundur, yaiku gegambaraning Suminar nalika ana ing kutha Solo, wiwit saka dheweke kerja dadi babu nganti pethuk karo Ki Anom banjur dadi pesindhen. Kahanan kasebut digambarake kanthi cara mundur kang kabukten saka pangeling-eling Suminar ing taun kepungkur. Andharan kasebut kabukten saka cuplikan ing ngisor iki:

Telu Setengah Taun Kepungkur.....

MUDHUN jlug ska bis kota ing terminal Jaya Baya dadak ana rasa mangu-mangu. Sida bali menyang Blitar apa ora ya? Rada suwe Suminar nganyer. Pikirane cawang loro.

Yen aku bali menyang ndesa, mangka baliku merga diemohi Mas Indar. Saiba loking wong akeh! Ora mung aku bae sing isin. Wong tuwaku uga kewirangan. Nanging upama lunga, banjur arep lunga menyang ngendi? Aku ora nduwe tepungan lan sanak pamili ing kutha liya.(S:136:1)

Ing episode sabanjure, pangripta nggawe crita maju, yaiku ngenani tahap pungkasan. Kahanan ngenani pangapurane Indarto marang Suminar. Ing kono digambarake yen Suminar isih mbegu wae. Saengga ndadekake Indarto arep lampus dhiri kanthi cara nyebrang ing dalanan rame, banjur Suminar nyeluk Indarto.

Pungkasaning crita sajroning novel *Suminar* iki mujudake *penyelesaian terbuka*. Anggone mungkasi crita, diwenehake marang pamaos. Saengga pamaos nafsirake dhewe kepriye lakune Indarto lan Suminar sawise kedadeyan iku. Andharan mau bisa nggambarake alur sajroning novel *Suminar* campuran. Saka alur maju-mundur-maju-mundur-maju.

Alur novel *Suminar* campuran bisa dideleng saka lamunan-lamunan lan pangileng-elingi Suminar lan Indarto ngenani kedadeyan-kedadeyan sing wis kepungkur, ing antarane (1) kedadeyan nalika Suminar lan Teguh pethuk lan nyambung tali katresnan. (2) Indarto nggetuni anggone nundung Suminar minggat saka omah (3) kedadeyan nalika Suminar ngrasakake rekasane wiwit nyambung uri ing kutha Solo taun kepungkur.

Pungkasane crita ing novel *Suminar* iki digambarake kanthi cara *penyelesaian terbuka*. Pamaos kudu bisa nafsirake dhewe kedadeyan apa kang bakal

dumadi. Pungkasan kanthi cara *penyelesaian terbuka* bisa di buktekake sajroning cuplikan ngisor iki:

MUDHUN jlug ska bis kota ing terminal Jaya Baya dadak ana rasa mangu-mangu. Sida bali menyang Blitar apa ora ya? Rada suwe Suminar nganyer. Pikirane cawang loro. (S:136:1)

Ndulu sikepmu iku cetha yen pancen ora ana maneh pangapura kanggo aku! Yen mangkono daknglalu bae. Pedah apa urip yen nanggung dosa! Enteking ukara, Indarto mbradhat mlayu menjaba tumuju ratan kang rame dening lalu lintas. Mesthi bae lelakon kang ora dinuga kasebut agawe kaget.

Dhik Indarto! Emut Dhik! Pamenggake Ki Anom Suroto.

Massss.....!! panguwuhe Suminar karo mlayu nututi. Rupa kapuranta ing cakrawala kulon katon endah...* (S:146:2)

Cuplikan kasebut urung ana rampunge. Mula, bisa diwastani yen pangripta nggunakake *penyelesain terbuka*. Andharan iki bisa didudut yen Tiwiek SA nggunakake lelewaning lelakon kanthi cara campuran anggane medharake crita ngenani panguripane Suminar kanthi tema katresnan.

Ing cuplikan *Dhik Indarto! Emut Dhik! Pamenggake Ki Anom Suroto. Massss.....!! panguwuhe Suminar karo mlayu nututi. Rupa kapuranta ing cakrawala kulon katon endah...** durung ana jluntrunge, saengga pamaos kudu bisa mungkasi dhewe kepriya nasibe kawutuhane kaluwargane Indarto. Ing kono durung jelas kepriye endinge.

Bisa diwastani yen Indarto bakal mati merga nyebrang ing dalan sing kebak motor. Utawa Suminar mlayu menyang Indarto banjur padha rerangkul lan kaluwarga kasebut bisa wutuh maneh lan mbangun balewisma kang kebak kabagyan. Sakabehaning pungkasaning crita novel *Suminar* iki diwenehake marang pamaos. Mula saka kuwi, novel *Suminar* iki diwastani novel kanthi cara *penyelesaian terbuka*.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT Asdi Mahasatya
- Barry, Peter. 2010. *Beginning Theory*. Yogyakarta: Jalasutra
- Basir, Udjang. 2010. *Sosiolinguistik: Penngantar Kajian Tindak Berbahasa*. Surabaya: Bintang Surabaya
- Djajasudarma, Fatimah. 1999. *Semantik 2: Pemahaman Ilmu Makna*. Bandung: PT Refika Aditama
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra*. Jakarta: PT Buku Seru
- Faruk. 2012. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Keraf, Gorys. 2006. *Diksi lan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Mahasta, Ayu. 2011. *Diksi dan Majas Cerita Pendek Reriptan Santri Pondok Pesantren Tebuireng*

pada Majalah Tebuireng Edisi V sampai Edisi XII Skripsi. Tidak diterbitkan.

Moleong, Lexy J. 2002. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya

Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada university press

Nurgiyantoro, Burhan. 2002. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada university press

Oktavia, Tika. 2012. *Stilistika Novel-Novel Reriptan Ayunda Nisa Chaira skripsi*. Tidak diterbitkan.

Poerwardarminta. 1937. *Baoesastro Djawi*.

Pradopo, Rachmat Djoko. 2005. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gadjah Mada

Rais, Putera. 2012. *Panduan Super Lengkap Majas EYD Peribahasa*. Jakarta: PT Suka Buku

Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika: kajian puitika Bahasa, Sastra lan budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Rostamaji, Priantoro. ([http:// Stilistika Teori, Metode, dan Aplikasi Pengkajian Estetika Bahasa.htm](http://StilistikaTeori, Metode, dan Aplikasi Pengkajian Estetika Bahasa.htm)) diakses 2 Januari 2013

SA, Tiwiek. 2012. *Suminar*. Yogyakarta: Elmaterra Publishing

SA, Tiwiek. 2000. Biografi Tiwiek SA, (online), (<http://tiwiek-sa.blogspot.com/>), diakses 2 Januari 2013

Surachmad. 1985. *Pengantar Penelitian Dasar Metode dan Teknik*. Bandung: Tarsito

Suratmi. 2004. *Diksi dan Gaya Bahasa dalam Novel Tumlawung Reriptan Dhiajeng Nanik*. Skripsi: tidak diterbitkan

Tim Penyusun Kamus Pusat Bahasa. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka

Todorov, Tzvetan. 1985. *Tata Sastra*. Jakarta: Djambatan

Verhaar, J.W.M. 2010. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mata University Press

Wallek, Rene lan Austin Warren. 1990. *Teori Kesusastraan*. Terjemahan Melani Budianta. Jakarta: PT Gramedia

Yule, George. 2006. *Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar